

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- Make Dat la! 5èm Defi Anyèl 5K Sipèntandan an
- Yo Chwazi Hantman, Gallon pou Dirije Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade
- Ede Moun nan kominote Nou an ki Sanzabri

Desanm 2019

Bilten 12 | NIMEWO 58 |

Bòn Vakans!



Nou swete ou menm ak fanmi ou yon bon sezon Fèt.

N AP EKSPLORE KÒMANSE JOUNEN LEKÒL LA PI TA



Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade vote pou l eksplòre opsyon pou kreye yon orè pou antre lekòl ki pral konsidere bezwen sante tout elèv pandan li ap ogmante aksè transpò pou lekòl ki gen gwo demand pou pwogram chwa atravè “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County).

Somèy se yon eleman trè enpòtan pou sante ak byennèt moun, jeneralman yo neglije. Sepandan, pou adolesan yo, kominote medikal la an jeneral deklare gen yon kriz sante piblik ki gen yon dimansyon

epidemik. Bezwen somèy adolesan yo chita sou yon chanjman biyolojik tanpòre nan lè yo dòmi ak lè yo reveye ki rive an menm tan ak lè pibète a kòmanse e ki fini nan kòmansman laj adilt. Lè lekòl kòmanse bonè, sa an kontradiksyon ak kondisyon biyolojik sa a e li ka kontribye anpil a mank somèy adolesan yo.

Aktyèlman, lè lekòl kòmanse nan M-DCPS se 7:20 dimaten pou lekòl segondè, ak 9:10 dimaten pou lekòl mwayen. Lekòl elemantè gen de (2) lè pou kòmanse: 8:20 dimaten pou klas matènèl a premye ane eskolè; e 8:35 dimaten pou lekòl elemantè ak Sant K-8. Akademi Pedyatri Ameriken rekòmande pou lekòl mwayen ak lekòl segondè kòmanse pa pi bonè pase 8:30 dimaten.

Posibilite altènativ pou lekòl kòmanse pi ta pral gen ladan opsyon pou tout nivo ane eskolè kòmanse pa pi bonè pase 8è dimaten e konsa pèmèt nou pwolonje fonksyonman transpò yo.

Anplwaye Distri a solisite ide atravè ti gwoup travay ant paran, lidè lekòl, ak pwofesè sou altènativ ki vyab. Nou pral solisite plis ide nan men gwoup moun ki konsène yo atravè plizyè mwayen, tankou sondaj, gwoup travay adisyonèl ak reyinyon kominotè.

Sipèntandan an pral pote yon rekòmandasyon bay Komisyon Konsèy la vè prentan 2020 pou nou pwobableman enpleman li nan ane akademik 2020-2021 an.

Pou plis enfòmasyon, vizite belltimes.dadeschools.net

DEFI Sipèentandan

Kous pou Edikasyon



MAKE DAT LA

7 Mas 2020



“Foundation for New Education Initiatives (FNEI)” (Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon) ak Sipèentandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho pral mete ansanm yon fwa ankò pou prezante 5èm Kous Anyèl pou Edikasyon nan benefis lekòl leta lokal yo 7 mas 2020 a 7:30 dimaten. FNEI pral bay lekòl ki patisipe yo yon pousantaj nan benefis kous yo, baze sou kantite patisipan chak ekip lekòl ki enskri.

Enskripsyon ouvri kounye a nan: www.giveourstudentstheworld.org. Kous 5K (3.1 ‘miles’) la ap kòmanse

nan Maurice A. Ferré Park Biscayne Blvd. Wout la prale a lès sou MacArthur Causeway, epi l ap fè yon wonn sou Watson Island anvan li retounen.

Adilt ka enskri kòm yon Kourè/ Machè avèk yon frè enskripsyon \$30.00 + \$2.50. Elèv gen twa opsyon pou yo chwazi soti: 5K, kous 1-“mile” (apeprè yon kilomèt), e Kous pou Timoun ant 2-9 an. Enskripsyon pou chak opsyon timoun se \$10.00 + \$2.00 frè enskripsyon. Pri yo ap ogmante apre 29 fevriye 2020.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Primè:

Kenbe Kontak ak Pwofesè

<http://bit.ly/2OBTbnJ>

Segondè:

Ede Adolesan Ou Venk Laperèz pou Egzamen Admisyon nan Kolèj

<http://bit.ly/2XA3z3n>

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

23 desanm – 3 janvye
Vakans Ivè

15 janvye
Dat Limit pou Aplikasyon Magnet

20 janvye
Obsèvas Anivèsè Nesans Dtè. Martin Luther King Jr.

YO CHWAZI HANTMAN, GALLON POU DIRIJE KOMISYON KONSÈY LEKÒL MIAMI-DADE



REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

15 janvye
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

12 fevriye
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

Yo re-eli Perla Tabares Hantman kòm Chèmann Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County pou ane lekòl 2019-2020 an. Hantman, ki reprezante Distri 4, te premye eli nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 1996.

Madan Hantman pral sèvi pou

yon 12èm fwa san presedan kòm Chèmann. Li te premye fi Ispanik ki sèvi kòm Chèmann, e li te sèvi avan sa an 1999-2001, e apre sa chak ane youn apre lòt, soti 2010-2015 e ankò an 2017 a 2019.

Dtè. Gallon III te eli kòm Vis Chèmann. Dtè. Gallon ki reprezante Distri 1, te premye eli nan Komisyon Konsèy Lekòl la an 2016. Se premye fwa li ap sèvi kòm Vis Chèmann.



Pandan sezon fèt la, yon moman pataj ak selebrasyon, nou dwe sonje moun ki defavorize nan kominote nou an, e se pi bon moman pou lonje men ba yo. Malerezman, plis pase 1,100 moun kontinye ap viv nan sitiyasyon sanzabri nan lari Miami, e gen apeprè 10,000 elèv ki ap fè eksperyans lojman enstab nan Miami-Dade County. Nan sèlman katran, kantite moun ajè ki sanzabri double pou rive plis pase 700 gason ak fanm. E li enpòtan pou nou note, prèske 60 pousan moun ki sanzabri pa malad mantal e yo pa nan dwòg. Yo sèlman ap travèse moman difisil.

Pwojè 'UP-START', Pwogram Edikasyon "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) pou Moun ki Sanzabri, ap ede lekòl yo avèk idantifikasyon, anwolman, ak prezans elèv ki nan sitiyasyon lojman enstab. Pwogram sa a sèvi

timoun ak jèn yo deplase lakay yo nan asire yo resevwa sèvis plasman nan lekòl, enskripsyon, transpò, ak edikasyon apre lekòl segondè. Pwojè UP-START ap travay an kolaborasyon avèk 'Miami-Dade County Homeless Trust' pou pwomote aktivite sansibilizasyon sou sitiyasyon sanzabri pou elèv, anplwaye nan lekòl yo, ak gwoup kominotè yo. Pwen santral pwogram nan se anpeche timoun ak jèn ki an tranzisyon yo viktim konplèks enferyorite, separasyon, segregasyon, oubyen izolasyon sou baz sitiyasyon yo parapò ak kote y ap dòmi nan nuit. Nou fè anpil efò pou n asire nou trete tout elèv ki ap patisipe nan Pwojè UP-START la avèk jistis. Anplis, Pwojè UP-START gen yon Kanpay Edikasyon Moun ki Sanzabri atravè yon kourikoulòm Sansiblité, Konsyantizasyon, ak Prevansyon, nou te devlope an kolaborasyon avèk 'Homeless Trust' pou ofri elèv yon sans fyète ak respè pou yo tout.

Pandan mwa novanm nan, M-DCPS, an kolaborasyon avèk Homeless Trust Miami-Dade County, te obsève yon Mwa Sansibilizasyon Nasyonal konsènan Moun ki Sanzabri. Nou te ankouraje lekòl yo pou yo patisipe nan yon Rasanbleman konsènan

Moun ki Sanzabri 7 novanm ki te Jounen Sansibilizasyon konsènan Moun ki Sanzabri, ansanm ak aktivite tankou 'Bench Meet Up' pou raple moun kijan li difisil fizikman pou moun viv nan lari oubyen 'Socks on a String' kòm yon rapèl vizyèl moun nan kominote nou an bezwen èd ou pou eleman debaz ki fè lavi a vivab.

Donk, kijan kominote a ka ede? Aktivite pou kolekte divès atik se yon ekselan fason pou sipòte pwogram nou an. Pwojè UP-START toujou aksepte manje ki pa ekspire e ki pa perisab (sereyal, 'granola'/ ti goute nourisan), materyèl nèf pou kuizin, founiti klasik ki nèf, pwodui twalèt, rad nèf, souvètman ak chosèt nèf, jwèt nèf ak liv pou timoun, espesyalman pandan sezon fèt la.

Si w gen nenpòt ide sou fason ou ka ede, kontakte Pwojè UP-START nan (305) 995-7318, atravè mesaj elektwonik nan projectupstart@dadeschools.net oubyen suiv yo sou medya sosyal @ProjectUPSTART.


MEDYA SOSYAL

 @MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup

 @MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1

 @MiamiSchools
@MiamiSup

 @MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmàn
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmàn
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Martin Karp
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo
Christopher Badillo
Konsèyè Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la